

KONSÈY POU ANPECHE TIMOUN SOVE

*Gen anpil rezon kifè timoun
sove lakay yo. Kèlkeswa rezon
an, lareyalite pou moun ki
sove toujou prezante gwo risk
timoun lan gendwa pa reyalize
ni konprann. Yo gendwa
enpilsif oubyen yo kwè lavi yo
ta pibon si yo sove lakay yo.*

*Yo pa gen ni eksperyans ni
jijman pou fè yon desizyon ki
sanse. Si ou gen yon timoun
konpòtman li ap chanje
oubyen li vin pi rete pou kont
li, pran enpe tan epi chèche
jwenn kisa k ap rive nan lavi l.*

*Timoun pa toujou di sa yo pa
alèz pou pale sou li touswit. Yo
petèt gendwa pa konnen jan
pou devwale sa k ap deranje
yo, epi yo gendwa ap chèche
bon moman an ak
bon sikonstans yo pou
kòmanse pale.*

*Li esansyèl pou kenbe vwa
kominikasyon yo louvri.*

RAPÒTE MOUN KI MANKE

Si gen yon ijans, Rele **911** oswa pou kesyon ki
pa ijans, tanpri rele **561-688-3400**.

RESOUS YO

National Runaway Safeline
1-800-**RUNAWAY** (786-2929)
www.1800runaway.org

National Center for Missing & Exploited Children
1-800-**THE LOST** (843-5678)
www.missingkids.org

FDLE Missing Endangered Persons Information
Clearinghouse
1-888-FL-MISSING (356-4774)
<https://www.fdle.state.fl.us/mcicsearch/>

Si ou pa kapab li feyè sa a, tanpri kontakte
PBSO nan 561-688-3080 pou mande yon lòt
fòm.



Biwo Sheriff Konte Palm Beach
Ric L. Bradshaw, Sheriff

Fè atansyon pou sa ki ka endis ki fasil pou pa wè oswa siy ke gen yon bagay ki pa OK. Èske pitit ou te montre nenpòt nan siy sa yo?

- Li fè kriz kòlè oswa agresivite
- Li vin pi rete pou kont li epi li pa vle rete ak fanmi oswa zanmi li yo ankò
- Li fè depresyon oswa anksyete li ogmante.
- Li gen difikilte lekòl-move nòt, sote klas, pwoblèm konpòtman
- Li rete sekrè epi li pa di anyen sou zanmi oswa aktivite li; li rive ta lakay li san li pa bay okenn espplikasyon
- Li gen kont medya sosyo ou pa konnen epi li pase twòp tan sou Entènèt
- Yo pèsèkite li lekòl la
- Li menase l ap sove lakay li oswa li pa tounen lakay li pandan anpil tan.
- Ou sispèk li pran anpil dwòg oswa alkòl
- Li gen lajan oswa atik ki koute chè; li bay manti epi li konn vòlè
- Li pa okipe tèt li byen; li gen konpòtman ki domajab pou tèt li, sa ki gen ladann fann po li ak yon lame pi konpòtman seksyèl ki gen anpil risk
- L ap keystone tèt li sou idantite seksyèl li



Si pitit ou an gen nenpòt nan endikate sa yo...

- Pale avèk li epi wè si l ap di w sa ki deranje l.
- Pale franchman konsènan chanjman nan relasyon fanmi a tankou divòs, difikilte lajan, pèt yon paran/moun nan fanmi a oswa yon anviwònman ki gen pètibasyon.
- Alaplas pou fè yo remontrans, koute sa yo gen pou di epi fè tout sa ou kapab pou ede pitit ou an jwenn yon solisyon ansanm.
- Bay li ankourajman, epi kite pitit ou konnen ou renmen yo epi si li sove, sa p ap rezoud pwoblèm la.
- Chèche resous andeyò tankou terapi-konsèy pou tout fanmi a, terapi oswa tretman pou konsomasyon dwòg oswa alkòl.
- Pale osijè enpòtans ki genyen nan pwoteje idantite yo sou Entènèt ak andeyò Entènèt epi pou li pran prekosyon pou chwazi zanmi li yo byen.
- Chèche kontre ak moun ki enpòtan pou pitit ou an andeyò gwoup fanmi li.
- Mete anplas règ ki reyalis epi diskite franchman sou rezon kifèyo enpòtan.

Si pitit ou an sove lakay li...

- Kontakte lapolis rapid-rapid kou ou reyalize pitit ou an sove; pa gen OKENN peryòd atant pou rapòte yon timoun ki manke.
- Bay lapolis tout enfòmasyon yo nèt, mezi ou kapab-tankou rad, foto resan, zanmi/konpayon ou konnen, kilè ak kikote ou te pitit ou an pou dènye fwa.
- Pa kenbe okenn bagay pou w; plis ou bay lapolis enfòmasyon yo touswit, se plis bagay yo kapab pase byen.
- Prezante tout aparèy ak teknoloji san fil yo ki disponib; gendwa gen enfòmasyon itil ladann.
- Bay tout kont/non medya sosyo yo ansanm ak nimewo telefòn selilè yo.
- Bay enfòmasyon konsènan lagad timoun lan, ak pwoblèm ki te gendwa genyen yo.
- Bay enfòmasyon osijè nenpòt chanjman nan fnam a, espesyalman chanjman nan konpòtman pitit ou an.
- Kite lapolis konnen si gen yon moun ki fenk parèt nan lavi pitit ou an oswa ki te bay pitit ou atansyon inabityèl oswa ki enterese nan pitit ou an.
- Di lapolis tout kontak ou te gen ak pitit ou an, nan telefòn, tèks oswa fas-a-fas.
- Rete pwoaktif epi simaye enfòmasyon an osijè pitit ou ki sove nan feyè epi kontakte kote/moun ou konnen yo.
- Rete an kontak ak lapolis jiskaske pitit ou an tounen, epi notifie yo lè pitit ou an tounen lakay li.

